



REPUBLIK INDONESIA  
KEMENTERIAN HUKUM DAN HAK ASASI MANUSIA

# SURAT PENCATATAN CIPTAAN

Dalam rangka pelindungan ciptaan di bidang ilmu pengetahuan, seni dan sastra berdasarkan Undang-Undang Nomor 28 Tahun 2014 tentang Hak Cipta, dengan ini menerangkan:

Nomor dan tanggal permohonan	:	EC00201859672, 17 Desember 2018
<b>Pencipta</b>		
Nama	:	<b>Eko Wahyu Prihantoro</b>
Alamat	:	Perum Puncak Solo, B3 Mojosongo, Jebres, Surakarta., Surakarta, Jawa Tengah, 57126
Kewarganegaraan	:	Indonesia
<b>Pemegang Hak Cipta</b>		
Nama	:	<b>Eko Wahyu Prihantoro</b>
Alamat	:	Perum Puncak Solo, B3 Mojosongo, Jebres, Surakarta., Surakarta, Jawa Tengah, 57126
Kewarganegaraan	:	Indonesia
Jenis Ciptaan	:	<b>Naskah Drama / Pertunjukan</b>
Judul Ciptaan	:	<b>Sumbingmalaya</b>
Tanggal dan tempat diumumkan untuk pertama kali di wilayah Indonesia atau di luar wilayah Indonesia	:	13 Desember 2018, di Surakarta
Jangka waktu pelindungan	:	Berlaku selama hidup Pencipta dan terus berlangsung selama 70 (tujuh puluh) tahun setelah Pencipta meninggal dunia, terhitung mulai tanggal 1 Januari tahun berikutnya.
Nomor pencatatan	:	000129121

adalah benar berdasarkan keterangan yang diberikan oleh Pemohon.  
Surat Pencatatan Hak Cipta atau produk Hak terkait ini sesuai dengan Pasal 72 Undang-Undang Nomor 28 Tahun 2014 tentang Hak Cipta.



a.n. MENTERI HUKUM DAN HAK ASASI MANUSIA  
DIREKTUR JENDERAL KEKAYAAN INTELEKTUAL

Dr. Freddy Harris, S.H., LL.M., ACCS.  
NIP. 196611181994031001

## **SINOPSIS**

### **SUMBINGMALAYA**

Cerita Sumbingmalaya adalah cerita fiktif yang dibuat dengan mengaitkan nama tokoh dan tempatnya meminjam dari nama wilayah dan kegiatan serta situasi kondisi para petani Tembakau di wilayah kabupaten Temanggung dan sekitarnya. Cerita semacam ini dalam dunia *pewayangan* disebut cerita *Carangan Dinapur*. Seperti nama kerajaan Sumbingmalaya diambil dari nama gunung Sumbing, sedangkan nama Tumenggung Rewosan asal kata *rewosan* yaitu daun tembakau yang tidak berkualitas baik atau *disortir*, dan yang lainnya.

Sumbingmalaya diangkat dalamcerita teater tradisi *kethoprak* bertujuan untuk menggugah semangat masyarakat dukuh Tlодas yang pasif dalam mengembangkan teater tradisi kethoprak. Dengan gagasan ini merupakan sebuah terobosan untuk menggugah semangat berkesenian yang sudah terlupakan selama 28 tahun lalu. Semangat generasi muda untuk memahami kembali pementasan kethoprak yang pernah ada didaerah mereka.

Pementasan kethoprak dengan lakon Sumbingmalaya dilaksanakan pada acara perpisahan KKN mahasiswa Institut Seni Indonesia Surakarta tahun 2018, dengan demikian cerita tersebut untuk mengolah serta mendekatkan permasalahan sosial yang ada pada masyarakat itu sendiri. Harapan yang muncul adalah masyarakat yang cinta tanah air, cinta budaya dan seni yang mereka miliki.

*Kangge pepisahan KKN ISI 2018  
Ing dukuh Tlodhas, desa Pagergunung, kec. Bulu, kab. Temanggung  
Surya kaping 28 Agustus 2018*

## **SUMBINGMALAYA**

*Balungan Carios dening; Eko Wahyu Prihantoro*

### **BABAK: I**

Papan : Pringgitan Praja Bulukapitu

Ubarampe :

- dampar
- kursi 3 (Raja, Prameswari, Patih)
- payung, tombak,

Wigatosing rembag:

Prabu Gandhung Mlathi kepareng nimbali Patih Nodhas, Tumenggung Tunggul Wulung lan Prameswari Sekar Sari. Sang Prabu rumaos sampun lalu yuswa arsa seleh keprabon, paring dhawuh dhateng Pangeran Ungaran supados palakrama. Prameswari nayogyani pamanggihipun Prabu Gandhung Mlathi awit selak kepingin momong putu tandha lajering gesang. Namung Ungaran tasih kepingin merdika suka-suka. Prabu Gadhung Mlathi mesakaken kawula lan kuwatos mungkaring kapribaden Pangeran Ungaran. Ungaran prasetya menawi palakrama kedah pikantuk pawestri ingkang Bibit, Bobot lan Bebet. Tumenggung Tunggul Wulung atur wawasan inggih namung Dewi Cepag saking praja Sumbingmalaya putranipun Prabu Sata Bumiloka ingkang saged ngimbangi prasetyanipun Pangeran Ungaran. Prabu Gandhung Mlathi nuli dhawuh Patih Nodhas nglamar kadherekaken Tunggul Wulung lan Pangeran Ungaran.

### **BABAK: II TAMANSARI – Praja Sumbingmalaya**

Papan : Tamansari – Praja Sumbingmalaya

Ubarampe :

- Meja
- kursi 2
- cangkir 2 lan nampan/ tepak

Wigatosing rembag:

Prabu Sata Bumiloka sajak sungkawa lenggah piyambak nengga rawuhipun Begawan Makukuhan. Prabu Sata Bumiloka ngrembag perkawis lestantuning Praja Sumbingmalaya benjangipun, awit nitik kawontenan alam ingkang gemah ripah loh jinawi ndadosaken raos was sumelang yuwananing praja menawi kajajah dening tiyang manca negari, kamangka Prabu Sata Bumiloka ngeman nayaka manawi kadhawuhan mratitisaken kawontenan awit nedheng panen sata. Dewi Cepag sowan ngaturi unjukan lan ngaturaken pambage nuli kacandhet Begawan Makukuhan sumela atur, Dewi Cepag dipun dangu perkawis darmaning kawula tumrap nagari. Dewi Cepag prasetya bebasan *putung binalangna-ajur sinawurna, jiwa lan raga kangge rabuking nagari*. Begawan Makukuhan mbabar penggalihing Prabu Sata Bumiloka, Dewi Cepag nyuwun lilah badhe namur laku nakyinaken panggesanganing para kawula. Prabu Sata Bumiloka bombong raosing panggalih namung tetep was sumelang, wusana Begawan Makukuhan sagah badhe ngayomi lampahipun Dewi Cepag.

### BABAK: III

Papan : Pasar Sidodadi

Ubarampe :

- slendhang gendhong, tenggok
- sega jagung wungkusana
- kendhi
- kayu sepikul

Wigatosing rembag:

Dhagelan sami gojegan sembrana parikena (*sambunge rembag pados kajeng kangge urub-urub*) namung wekdalipun kawanen dados pasar sampun sepi. Katungka Srinthil (Dewi Cepag) tawa sekul jagung. Dhagelan sami sembranan tumbas sekul. Katungka Sogol bakul kayu mbako. Dhagelan boten sios tumbas sekul awit artanipun cumpen kangge tumbas kayu. Kayu mbako dipun begta wangsal Dhagelan. Sogol tumbas sekul lan sami pitepangan ngantos tuwuhan raos sengsem. Katungka Pangeran Ungaran sesarengan Patih Nodhas lan Tumenggung Tunggul Wulung ingkang mampir pasar saperlu madik-madik tiyang ayu kanthi pawadan pasar kathah pawestri sami blanja. Sareng mangertosi Srinthil lan Sogol sami lungguh jejer, Pangeran Ungaran mrepegi Srinthil lan kepara nundhung Sogol. Srinthil ngajak kesah Sogol. Tunggul

Wulung Ian Nodhas ngreripih Ungaran kanthi pawadan tiyang badhe nglamar ampun ngantos kegiwer ing tiyang sanes. Bakunipun tumuju ing praja Sumbingmalaya rumiyin. Pangeran Ungaran prasetya najan saged ngrabi putri ing Sumbingmalaya tetep badhe ngrabi bakul sega jagung.

## BABAK: IV

Papan : Pendhapa Ageng Praja Sumbingmalaya

Ubarampe :

- dampar
- kursi 4 (Raja, Prameswari, 2 Patih )
- payung, tombak,

Wigatosing rembag:

Prabu Sata Bumiloka ka adhep Prameswari Ngrawisani, Patih Widigdo, Tumenggung Rewosan lan Dewi Cepag. Sasampunipun bage-binage lan unjuk palapuran kendho kencenging praja katungka sowanipun Pangeran Ungaran, Patih Nodhas, Tumenggung Tunggul Wulung nglamar Dewi Cepag. Dewi Cepag oncat awit sampun mangertosi sejatine Pangeran Ungaran ingkang jubriya tingkahipun. Pangeran Ungaran rumaos dipun sepelekaken dados runtik. Pangeran Ungaran lan wadya nututi kesahipun Dewi Cepag. Prabu Sata Bumiloka sak andhahanipun geger mbujung.

## BABAK: V

Papan : Wana / Alas Cepit

Ubarampe :

- arit
- kayu

Wigatosing rembag:

Sogol nembe pados kajeng katungka playune Dewi Cepag. Dewi Cepag jarwa trang mring Sogol. Katungka Ungaran sak wadya, sisip rembag kaliyan Sogol dados perang, Dewi Cepag mire. Patih Sata Bumiloka Nodhas lan Tunggul Wulung kasoran dening Sogol. Sogol tandhing Ungaran, Sogol kaseser nuli mlajar kabujung Ungaran

## BABAK: VI

Papan : dalan - Begawan Makukuhan pinanggih Dewi Cepag kagedhong.

Wigatosing rembag:

Sogol pinanggih Begawan Makukuhan jarwa trang. Begawan Makukuhan paring srana aji sekti dipun bisiki. Makukuhan mire. Ungaran papag Sogol, Ungaran kataman aji sekti kasoran. Sogol katungka Dewi CepaG atur panuwun lan prasetya pasrah jiwa raga. Katungka Begawan Makukuhan ingkang sesarengan Prabu Sata Bumiloka arsa mboyong Dewi Cepag. Begawan Makukuhan jarwa trang bilih Sogol estunipun nami Raden Sindoro saking kadipaten Telomoyo putranipun Adipati Andongsari. Prabu Sata Bumiloka arsa ndhaupaken Dewi Cepag lan Sogol (Raden Sindoro). Raden Sindoro nyuwun lilah bilih sowanipun benjang kairing prajurit Turonggo Seto.

## BABAK: VII

PAPAN : Pendapa Praja Sumbingmalaya

Ubarampe :

- dekorasi manten
- dampar manten/ kursi gajah
- kursi 4

Wigatosing rembag:

Dhaup temanten – kalajengaken mirsani pasugatan langen beksan Turonggo Seto

-----TAMAT-----

## NASKAH

# SUMBINGMALAYA

Dening; Eko Wahyu Prihantoro

## BABAK: I

Papan : Pringgitan Praja Bulukapitu

Ubarampe :

- dampar

- kursi 3 (Raja, Prameswari, Patih)

- payung, tombak,

**Prabu Gandhung Mlathi kepareng nimbali Patih Nodhas, Tumenggung Tunggul Wulung lan Prameswari Sekar Sari.**

**Bage- binage mawi gendhing Mijil Sulastri lan Senggakanipun:**

Gandhung M : *wigatekna.....*

Sadaya : *nenggih Gusti*

Gandhung M : *Kawula wak mami*

Sadaya : *kados pundi nengga dhawuh Sang Aji*

Gandhung M : *padha prayogakna*

Sadaya : *sendika nggih Sang Nata*

Gandhung : *ingsun arsa dhawuh mring srirane*

Sadaya : *sae, sae..... sae-sae sedyane*

Gandhung M : *sowanira amung..... mirungan yekti*

Sadaya : *sembah kula rumiyin, konjuk ngarsa Gustine*

Gandhung M : *bombong ironing batin*

Sadaya : *nyadhong sabdanipun*

**Sasampunipun gendhing suwuk nuli antawecana**

Nodhas : sasampunipun lengkah satata, kepareng kula nyadhong dhawuh.

Wonten kawigatosan menapa dene sinuwun kepareng hanimbali kula  
dalah adhi Tumenggung Tunggul Wulung.

Tunggul Wulung : inggih sinuwun, sumengka raos kula. Nitik pasuryan Panjenengan sajak  
wonten wigatosing panggalih sengkeling manah. Badhe paring dhawuh  
menapa kula namung nganglungaken jangga nelingaken karna nampi  
sabda Panjenengan Dalem.

- Sekar Sari : sinuwun..... sadaya abdi ingkang katimbalan sampun mangarsa. Mangga enggala paring dhawuh, boten kendelan kewala.
- Gandhung M : adeging praja Bulukapitu iki saya ngrembaka lan kuncara. Kaya-kaya wis ora kuwawa maneh lamun aku kudu tansah kencengmekak kendhaline negara kang bawera tebane lan akeh kawulane. Werna – werna kabutuhane negara lan kawula kang mracihnni tata tentreming praja.
- Nodhas : punten dalem sewu sinuwun, ngrembakanning nagari Bulukapitu betah pangayoman ingkang wicaksana pramila sadaya sami sumuyud ing ngarsa Panjenengan.
- Sekar Sari : menapa malih kulawarga, putra panjenengan Pangeran Ungaran ingkang sampun ngancik dewasa dereng reraosan perkawis wanita ingkang dados gantilaning manah, dene kawontenanipun namung katrem ing taman sari.
- Gandhung M : lha iya ana sesambungane perkara putraku kang mung sawiji. Pangeran Ungaran timbalana marak ing ngarsaku.
- Tunggul Wulung : sendika.
- Tumenggung Tunggul Wulung nglarapaken Pangeran Ungaran.***
- Gandhung M : putraku ngger Pangeran Ungaran, kaget rasamu dene rama nimbalisriramu lumantar Tumenggung Tunggul Wulung?
- Ungaran : inggih rama, beneh kalawan padatan dene ing wekdal mirunggan rama tansah leledhang ing taman sari tuwi karaharjan kula. Punten dalem sewu rama, estu wonten kawigatosan menapa ?
- Gandhung M : iki mau sliramu mentas wae ngapa ?
- Ungaran : sasampunipun kula gladhen yuda, ulah kridhaning gegaman, ngembat watang sangginggiling turonggo, kula lajeng ngenggar – enggar panggalih ing taman sari.
- Gandhung M : santosaning raga lan kaprigelanmu kanggo jaga kayuwanan gawe bombongan manahe rama sing wis lalu yuswa. Nanging rama ngersakake sira tata-tata bakal silih keprabon ing Bulukapitu lengghadampar kanarendran awit tambah dina tambah umur, tambah dina saya tuwa, pungkasane tenaga lan penggalih ora keconggah maneh hangayomi para kawula Bulukapitu. Kamangka putraku amung sawiji sira pangeran Ungaran.

- Sekar Sari : saliyane saka iku, ibu lan ramamu uga selak momong putu tandha tumangkare Tus ing Bulukapitu.
- Ungaran : punten dalem sewu rama dalah ibu. Esthining sedya kula tasih kepingin merdika mboten kabotan tanggel jawab.
- Gandhung M : banjur sapa maneh sing bakal ngganti rama. Wurung tan wurunga ya mung kowe. Aja mburu senengmu dhewe sing lerege mung ngongasake kabisan ora mikir kahanane kawula.
- Ungaran : Menawi kula kaparingan nugraha nglintir kalenggahan, kula lingsem menawi lengkah klasa gumelar tanpa jumangkah len mekaraken driji kula. Kula mangertos bilih nalendra kedah hanggadhahi prameswari minangka tata gelaring pangayoman pawestri sa nagari. Bab menika ingkang kula tasih nglimbang – limbang. Harak nggih ngaten to paman Patih lan ndika paman Tumenggung.
- Nodhas : leres Pangeran, namung menawi wonten keparengipun putri pundi pilihan panjenengan, kula sagah ndhodhok korinipun , nginang jambe suruhipun nglamar kagem panjenengan Pangeran.
- Ungaran : nhaaa..... niku paman. Wong rabi niku kedah metung **bitib, bobot lan bebet**. Lire bitib niku turun. Gandheng kula niku putra ratu ya kudu entuk anak ratu. Bobot niku kadonyan, kula niki anak tunggal donya sak negara Bulukapitu niki mesthi gaduhan kula, lha kula kudu rabi kaliyan anak ratu sing sugihe ngungkuli Bulukapitu. Lha menawi bebet, niku wanita ingkang ayu lair lan batine. Rupane nggih ayu, yen dijak jagong boten ngisin-isini niku *minimal*, tuuurr..... nggih tresnane namung kalah kula. Mboten diecer-ecer..... hahahaha.....
- Tunggul W : kula gadhah wawasan Pangeran.
- Ungaran : sinten naminipun lan putri saking pundi ?!
- Tunggul W : kabare mbok bakul sinambi wara, asma Dewi Cepag saking Sumbingmalaya putrinipun Prabu Sata Bumiloka. Ayu rupane lan sugih. Menawi wayah panen mbako biyuh – biyuh panjenengan badhe tumbas montor muluk saged kelampahan.
- Ungaran : napa niku montor muluk.
- Tunggul W : montor iber, montor mabur gedhe dhuwur tanpa ukur. Kula niku gumun, angger wayah panen mbako, sedaya kegiatan napa mawon macet mung ngopeni mbako. Yasinan malem jumuah niku mawon nggih macet

- dha ngrawis lan ngeler. Napa malih latihan turonggo, topeng ireng, bangilun. Blass..... boten jalan. Pokoke mbako- mbako lan mbako.
- Ungaran : lha ning anak tunggal napa sedulure pinten.
- Tunggul W : niku putra tunggal. Ning yen gadhah dulur, kalih panjenengan mesti wedi. Timbang diremuk awake.
- Ungaran : lha niku kula purun, awit negara Sumbingmalaya ajeng kula blengket dados setunggal kaliyan Bulukapitu. Kula saged kelakon dadi ratune para ratu ing tanah jawa.
- Gandhung M : yen pancen kaya mengkono, patih Nodhas budhala tumuju ing Sumbingmalaya.
- Nodhas : sendika.
- Ungaran : nyuwun pamit rama saha ibu.
- Sekar Sari : ngati-atи yo ngger.....

***Patih Nodhas nglamar kadherekaken Tunggul Wulung lan Pangeran Ungaran.***

## **BABAK: II TAMANSARI – Praja Sumbingmalaya**

- Papan : Tamansari – Praja Sumbingmalaya
- Ubarampe :
- Meja
  - kursi 2
  - cangkir 2 lan nampan/ tepak
- Prabu Sata Bumiloka sajak sungkawa lenggha piyambak nengga rawuhipun Begawan Makukuhan.***
- Makukuhan : kula ingkang sowan sinuwun.
- Sata Bumiloka : mangga-mangga bapa katuran pinarak ingkang sakeca.
- Makukuhan : Nyuwun pangapunten dene anggen kula sowan radi randhat ing ngarsa panjenengan Sinuwun Sata Bumiloka, awit ing padhepokan Gondosuli katemben mangun papan ngibadah.
- Sata Bumiloka : mboten dados menapa bapa, awit panembahing Gusti kedah satimbang kaliyan moncering kawontenan samangke supados boten kegliwang ing ombyake kadonyan. Ingkang mahanani tata tentreming gesang bebrayan.
- Makukuhan : estunipun badhe paring dhawuh menapa sinuwun.

- Sata Bumiloka : lestantuning praja Sumbingmalaya ingkang gemah ripah loh jinawi ndadosaken raos was sumelang, yuwananing praja menawi kajajah dening tiyang manca negari.
- Makukuhan : hemmm..... menika ta..... sinuwun kula aturi sumendhe ing ngarsanipun Dzat Ingkang Maha Agung. Saestu ingkang nguwaosi jagad saisinipun.
- Sata Bumiloka : estunipun kula mesakaken nayaka praja menawi wanci panen sata tansah mratitisaken kawontenaning kawula sak praja. Sata dados nugrahaning Gusti minangka satunggaling wulu pametu ingkang sae, eman menawi dipun lirwakaken.

***Dewi Cepag sowan ngaturi unjukan lan ngaturaken pambage nuli kacandhet Begawan Makukuhan***

- Dewi Cepag : nyuwun pangapunten rama dalah bapa Begawan, kepareng kula ngaturi unjukan.
- Sata Bumiloka : ya, ya kene putraku cah ayu, dimen kanggo tamba salit.
- Dewi Cepag : ngaturaken kawilujengan rawuhipun saha bekti kula katur bapa Begawan Makukuhan.
- Makukuhan : ya- ya Dewi Cepag , aku nedha trima dene pisungsung lan bektimu dadi pratandha dewasane panggraitanmu. Dak pundhut sumenea sawetara ana kene, harak ora ana kawigaten liyane taaa.....
- Dewi Cepag : badhe wonten dhawuh menapa bapa ?
- Makukuhan : amung arep takon bab pangertenmu ing negara Sumbingmalaya iki.
- Dewi Cepag : perkawis menapa bapa ?
- Makukuhan : sira wis dewasa, banjur apa lelabuhanmu tumraping negara Sumbingmalaya ?
- Dewi Cepag : prasetya bebasan *putung binalangna-ajur sinawurna*, jiwa lan raga kula udhokaken kange rabuking nagari.
- Makukuhan : kados makaten prasetyanipun putra panjenengan sinuwun.
- Sata Bumiloka : boten nyana – mboten ngimpi jebul luhur sanget prasetyane yoga kula. Marem raosing manah kula bapa.
- Makukuhan : iki mau ramamu ngendika, yen bot karepotane kawula munggahe para nayaka wayah panen mbako ora bisa diselani. Banjur kepriye mungguh panemumu anggone ramamu bakal ngembat kendho kencenge pranatan negara.

- Dewi Cepag : estunipun sampun sawetawis anggen kula badhe ndarmabektekaken jiwa raga wonten ngarsanipun rama ingkang sinuwun lumebering kawula sak nagari Sumbingmalaya.
- Sata Bumiloka : sliramu arep ngapa cah ayu.
- Dewi Cepag : kula badhe mratitisaken ombyake kawula karang pradesan kanthi lampah sesidheman namur laku.
- Sata Bumiloka : waduhu putraku Cepag, kowe kuwi wong wadon sing bebasane krubyuk kabotan pinjung. Rama ngeman yen kowe ana payo-payo ing dalan dijarag dijawat dening wong kang tanggung jawab. Kowe putra kang eman-eman jare.....
- Dewi Cepag : lajeng mbenjang menapa rama kula ngatingalaken bekti kula ngluhuraken kuncarane asma dalem rama ingkang sinuwun.
- Makukuhan : wis-wis-wis. Ora susah kedawa-dawa Cepag.  
Sinuwun, menawi sampun kados makaten tekadipun ingkang putra, mbok inggih dipun lilani, kula pitados Dewi Cepag saged njagi kapribadenipun. Sumangga kula aturi sumendhe ngarsanining Hyang Maha Agung.
- Sata Bumiloka : najan awrat raos kula, namung saking pamrayogi panjenengan kula namung sumarah kemawon.
- Makukuhan : lha harak kados ngaten sinuwun. Mugi kalilakna.
- Sata Bumiloka : yen kaya mengkono tekadmu Cepag, rama mung dedonga rahayu kang tinemu, sembada kang jinangka. Wis kana tata-tata lan pamita marang ibumu.
- Dewi Cepag : sendika, nyuwun pangestu bapa.
- Makukuhan : yaa..... duga prayoga digawa – ngati-at ija keri.  
Kula ugi nyuwun pamit sinuwun.
- Sata Bumiloka : sumangga bapa, ndherekaken kawilujengan.

### BABAK: III

- Papan : Pasar Sidodadi
- Ubarampe :
- slendhang gendhong, tenggok
  - sega jagung wungkusam
  - kendhi

- kayu sepikul

***Dhagelan sami gojegan sembrana parikena (sambunge rembag pados kajeng kangge urub-urub) namung wekdalipun kawanen dados pasar sampun sepi.***

- Kontrang : nyekel dhuwit kuwi lunyu, aja glethak-glethek.  
Kantring : ooo..... dadi dhuwit ki lumuten ? njur dhuwit dluwang ngene iki isa mlaku glindhing dhewe ?  
Kontrang : ora ngono kuwi, ngawa dhuwit kuwi bahaya.  
Kantring : isa mbledhos ?  
Kontrang : mbledhos i udemu kuwi !! maksude yen nggunakna dhuwit dudu dhuwite, apa maneh dhuwit negara kanggo kepentingan pribadi isa diarani korupsi njur isa diukumke.

***Katungka Srinthil (Dewi Cepag) tawa sekul jagung. Dhagelan sami sembranan tumbas sekul.***

- Srinthil : sekul jagung mas..... sampun siang wayah kelet wetenge. Kangge ganjel weteng mas. Murah mawon, segane putih resik kaya bakule.  
Kantring : wah sampeyan ki bakul sega jagung ora logis.  
Srinthil : lha pripun ta mas.....  
Kantring : mosok tuku sega ora dipangan mung kanggo ganjel weteng. Harak wetenge gatel kena godhong.  
Kontrang : wah kowe kuwi bodho kok ora mundhak.  
Kantring : mundhak bodhone maksudmu ?..... malah saya goblok no.....  
Kontrang : mundhak dadi pinter !!  
Srinthil : maksude ganjel weteng niku nggih dipangan ta mas.....mas.  
Kantring : niku yen tumbas sak buntel pinten Yu ?  
Srinthil : namung kalih dasa ewu mas.

***Katungka Sogol bakul kayu mbako. Dhagelan boten sios tumbas sekul awit artanipun cumpen kangge tumbas kayu.***

- Kantring : weh !!!!! rong puluh ewu. Yen limangatus ewu entuk ora.  
Kontrang : rong puluh ewu wae nganggo muni weh, kok arep mbayar limangatus ewu.  
Kantring : lha sak bakule kok ya.....  
Kontrang : lha kowe nggawa dhuwit ora.  
Kantring : lha iki dhuwit kayu. Ora urusan ta, sing penting isa tuku bakule sing ayu, putih tur empur kaya sega jagung.

- Kontrang : kowe dikongkon juragan tuku kayu durung entuk kok dhuwit arep kok anggo tuku bakul sega, wah jan ora urus tenan. Isa dipecat gaweanmu !!
- Sogol : yen tumbas kayu niki mawon mas, empun siang boten enten bakul sanese. Nggriya tasih kathah, betahe pinten, mangke kula kirim.
- Kontrang : lha kae lho, bakule kayu teka. Gek dibayar !
- Kantring : wah cilaka tenan. Mas sampeyan kok ya ndadak teka barang. Jian ngganggu cita-citaku.
- Kontrang : uwis ta gek dibayar.
- Kantring : mas kayune rega pira mas ?
- Sogol : namung seket ewu. Niki kayu mbako garing kangeurub-urub cepet tur awet panase.
- Kantring : yen sak grobag duwe ora !
- Sogol : gadhah, mangke kula terke griya sampeyan.
- Kontrang : wis gek dibayar sisan limangatus ewu. Timbang kena masalah. Tur nggawane entheng mung sak pikul.
- Kantring : ya wis. Iki dhuwite, kayune dak gawa.
- Sogol : matur nuwun mangke sanese kula terke griya.
- Kayu mbako dipun begta wangsul Dhagelan. Sogol tumbas sekul lan sami pitepangan ngantos tuwuh raos sengsem.***
- Sogol : tumbas sekul jagung nggih dhik enjang wau dereng sarapan. Andum rejeki, sajake wong kalih wau boten sios numbas nggih ?
- Srinthil : leres kang. Napa mboten dicepaki sarapan kalih bojo sampeyan ta kang.
- Sogol : bojo.....? kula tesih kiyambakan, dereng gadhah semah. Gesang kula namung kalih tiyang sepuh jaler.
- Srinthil : Niki sampeyan mendhet kiyambak.
- Sogol : sampeyan niku bakul prayoga nggih sing ngedoli..... kok boten diterke semah sampeyan ta ?
- Srinthil : kula nggih dereng gadhah bojo, ngrewangi wong tuwa riyin kang. Mesakne lih pados tedha kangeurub kula. Niki mas, eh..... kaaang.....
- Gendhing ngandeli swasana sem, tangane Sogol nyekel tangane Srinthil ngulungake sega jagung lan sakarone padha pandeng-pandengan nyawang, tuwuh rasa tresna.***
- Sogol : kang mas ya luwih marem. Wah jan segane putih resik kaya bakule, gek sambele mambu sedhep.
- Srinthil : ampun ngoten, kula isin.

- Sogol : eeee..... aku ngerti kok, yen sambel sedhep ki mesthi.....
- Srinhil : ampun diterusne ndhak padha ngerti maknane..... niki yen kesereten, toya kendhi kangge ngombe.
- Sogol ngombebanyu kendhi kecer, Srinhil sanalika (kaya ora sengaja) nadhahi banyu sing nggrujug janggute Sogol. Njur tangane dikipat-kipatke. Sogol genti ngusapi nganggo slendhang gendhongane Srinhil.*
- Sogol : banyu putih sing kok ulungake gawe lega rasaku. Nganti tumus jroning ati. Sapa jenengmu.
- Srinhil : jengku Srinhil.
- Sogol : Srinhil, kaya mbako sing banget bisa gawe pemarem. Ditepungke, yen dha ngundang aku Sogol bakul kayu mbako..... Srinhil, ing pasar Sidodadi iki aku kepingin ngluwari uneg-uneg batinku, dak jaluk kowe bisa nampa.
- Srinhil : apa kakang.
- Sogolngrungrum/ ngalembana sinartan tembang SAYANG II.*
- Sogol  
**Coba rungokna tembang kangenku iki  
Dewi asmoro tulung omongna aku isih ngenteni  
Ombak segara kok sajak ngelingake  
Nambahi kangenku saya gedhe nganti kepati-pati**
- Srinhil  
**Ternyata sayangku saiki temu ana neng kene kita akan saling  
memadhu cinta  
Bungahing atiku, sedhihing atiku hanya dalam mimpi**
- Sogol  
**Rina lan wengi mata iki angel dieremake  
Mung lam-lamen esem lan manismu**
- Bareng  
**Saiki ketemu sakedheping mata wis marem atiku**
- Katungka Pangeran Ungaran sesarengan Patih Nodhas lan Tumenggung Tunggul Wulung*
- Nodhas : Pangeran, wonten menapa kok ndadak mampir peken Sidodadi mriki ?
- Ungaran : sampeyan kuwi ora ngerti ta Paman. Sing arane pasar kuwi panggonane wong akeh sing nyata kahanane ora digawe-gawe, lan adhakane wanita-wanita padha blanja.
- Nodhas : waduhuk kok kula boten dugi semanten pikiran kula.
- Ungaran : sawangen kae, ana bakul karo wong lanang. Bakule ayu, wong lanang kae kon ngalih.

Tunggul W : he wong lanang kowe ki ngaliha ! aku arep tuku bakulane kuwi. Gage gek ngalih.

Srinthil : niki mpun telas kok ndara.

Nodhas : entek kok isih ana kene, coba wadhae gawa mrene !

Srinthil : Ayo kakang bali wae.

### ***Srinthil ngajak kesah Sogol.***

Nodhas : lho-lho-lho kok malah lunga kuwi piye ta Tunggul Wulung ? wooo..... bakul ora urus. Diwenehi dhuwit malah lunga.

Ungaran : napa ditututi kemawon ? pupung dereng adoh kesahé.

Nodhas : walah boten sah, mangke sak dalan-dalan harak kathah tiyang liwat. Lha harak saged milang-miling. Pun pokoke kalih kula beres.

Ungaran : ning sareng kula ngertos sak tleraman pawongan nika wau raos kula nilu mpun dheg-dheg pyur lho Paman. Mustaka kula niki mpun kraos sedhut-senut.

Tunggul W : nyuwun pangapunten Gusti Pangeran, prayogi anggen panjenengan hanggadahi gegayuhan luhur sampun ngantos kagiwer ing panggodha lantaran bakul nika wau.

Ungaran : Tumenggung Tunggul Wulung lan ndika paman Patih Nodhas, sampeyan seksei yen kula sampun saged boyong putri Sumbingmalaya, bakul nika wau tetep kula padosi lan kula rabi. Mpun ngga mbacutke laku dhateng Sumbingmalaya.

***Pangeran Ungaran sesarengan Patih Nodhas lan Tumenggung Tunggul Wulung nglajengaken lampah tumuju ing praja Sumbingmalaya***

### **BABAK: IV**

Papan : Pendhapa Ageng Praja Sumbingmalaya

Ubarampe :

- dampar
- kursi 4 (Raja, Prameswari, 2 Patih )
- payung, tombak,

***Prabu Sata Bumiloka ka adhep Prameswari Ngrawisani, Patih Widigdo, Tumenggung Rewosan lan Dewi Cepag. Bage-binage lan unjuk palapuran kendho kencenging praja.***

Sata Bumiloka : Patih Widigdo, pasewakan dina iki dak keparengake padha unjuk palapuran.

- Widigdo : sadaya santana, nayaka, tamtama tuwin mandhaping kawula sami sumuyud ing ngarsanta Sang Aji Prabu Sata Bumiloka, sayekti pratandha ageng kawibawan Ngarsa Dalem Sang Nata minangka songsong gilap, payung agung, pandam, pandom, pangayomaning kawula ing Sumbingmalaya.
- Ngrawisani : sadaya para putri sa nagari tansah ngesthi dhawuh kanthi premati nggulawenthah kulawarga murih luhuring budi.
- Rewosan : para Senopati manggalaning nagari tansah ngundhakaken kaprigelan ulah kridhaning yuda jagi katentremaning praja wiwit desa ngantos kitha raja. Manawi wonten payo-payo ingkang saged damel gorehing kawula. Boten sisah Sinuwun mandhap saking dhampar, cekap kula lan tamtama ingkang nrenggalangi mengsa.
- Dewi Cepag : kepareng munjuk atur, sadaya kaneman sengkut bikut, sami ngudi seserepan, ngudi ngilmi murih undhaking kawruh mahanani kuncaraning nagari.
- Sata Bumiloka : muga pakaryan kang prayoga padha lestarekna, hawa padha sangga runggi anggone mangun praja datan ninggal pranatan kasusilan tilarane para leluhur kang wus jinempana ing maruta. Ya hamung sesanti kuncaraning bangsa amarga saka luhuring budaya.
- Katungka sowanipun Pangeran Ungaran, Patih Nodhas, Tumenggung Tungkul Wulungsedyane nglamar Dewi Cepag.*
- Nodhas : kula ingkang sowan Sinuwun.
- Sata Bumiloka : katuran pinarak ingkang sakeca, rawuh ing Pendhapi Ageng Sumbingmalaya.
- Nodhas : inggih sampun boten kirang sekeca.
- Sata Bumiloka : boten ateges kula nambuhi jalanan nembe kapisan menika kula nguningani. Keparenga kula nila krami sinten wewangi saha pundi ingkang kawuri.
- Nodhas : kula warangka nata ing praja Bulukapitu, nami Nodhas.
- Sata Bumiloka : lajeng ingkang katingal gagah pideksa branyak semuning wadana menika sinten ?
- Ungaran : kula Pangeran Pati Bumiloka, asma Pangeran Ungaran.
- Tungkul W : dipun tepangaken kemawon nami kula Tungkul Wulung pangkat kula Tumenggung, jejibahan kula senopati manggalaning yuda gegedhug gul-

aguling praja, tanggel jawab kula nggladhi para tamtama ulah kridhaning perang.

Sata Bumiloka : sajak sumengka rawuhipun wonmten kawigatosan menapa.

Nodhas : blak kotang terus terang, sowan kula saperlu ngebun-ebun enjang anjejawah sonten nglamar putra panjenengan ingkang sesilih Dewi Cepag minangka garwa Pangeran Ungaran.

Sata Bumiloka : wee, lha nglamar. Sampun pitepangan kaliyan anak kula menapa kepara sampun sambung raos kaliyan sekar kedhaton Sumbingmalaya.

Ungaran : dereng.

Sata Bumiloka : lho kok elok temen. Namung, selak dereng kantenan , sagah mbokmenawi. Gandheng ingkang hanglampahi dede kula mangke badhe kula taros rumiyin.

Ungaran : prayogi mboten sisah dipun taros, awit handika paman Prabu minangka tiyang sepuh napa malih narendra wenang nepak bun-bunane tiyang sak negari cekap paring dhawuh. Sanadyan dereng nate srawung mangke menawi dados garwa kula mesthinipun saged atut. Wonten tetembungan tresna jalaran saka kulina.

Sata Bumiloka : wadhuh boten kados makaten kawontenan kula, menapa malih pranatan ing Sumbingmalaya, dede gitik penthung, namung gitik sada kewala menawi ta.....wonten kawula lepat. Kaleresan wonten ngajeng panjenengan menika anak kula ingkang sesilih Dewi Cepag.

#### *Dewi Cepag ngadeg*

Ungaran : jebles kaya bakul sega !

#### *Dewi Cepag nuli oncat, Pangeran Ungaran rumaos dipun sepelekaken dados runtik.*

Ungaran : lho nglungani. Paman prabu rumaos kabelset rai kula dene Dewi Cepag kesah tanpa pariwara. Menawi tigang dinten boten paring kabar, praja Sumbingmalaya kula damel karang abang.

***Pangeran Ungaran lan wadya nututi kesahipun Dewi Cepag. Prabu Sata Bumiloka sak andhahanipun geger mbujung.***

#### **BABAK: V**

Papan : Wana / Alas Cepit

Ubarampe :

- arit

- kayu

### ***Sogol nembe pados kajeng kaliyan ngudarasa,***

Sogol : piwulange Sang Begawan Makukuhan yen ta urip iki tegese lakon, lakon iki wajibe dilakoni, saranane kanthi laku. Lakune ikhlas narima, ora nggresula, sesantine sepira gedhening sengsara yen tinampa amung dadi coba.

### ***Katungka playune Dewi Cepag***

Dewi Cepag : tuluuu.....ng

Sogol : enten napa den ayu.

Dewi Cepag : kakang Sogol ?!

Sogol : oh sinten nggih, kok ngertos menawi nami kula Sogol

Dewi Cepag : aku Srinthil. Bakul sego jagung.

Sogol : mosok Srinthil, Srinthil niku tiyang dusun kok. Lan boten nate dandan kados putri, gawane tenggok kalih tampah, nyangking kendhi.

Dewi Cepag : wis ta mengko dak kandhani, bakune aku tulunganaku dioyak-oyak wong saka Bulukapitu, arep dipek bojo ning aku ora gelem. Wis ta aja kami tenggengan ngono kuwi. Selak wonge tekan kene.

### ***Katungka Pangeran Ungaran sak wadya***

Ungaran : Dewi Cepag aja mlayu kowe..... hahaha..... arep menyang ngendi Dewi Cepag.

Nodhas : mpun ta gusti Putri, mang manut mawon. Panjenengan niku anak ratu arep dipek bojo Pangeran kok klewa-klewa malah gondhelan ..... iki bakul kayu sing ketemu na pasar kae ta.

Sogol : inggih kula bakul kajeng.

Tunggul W : wani malang kadhak neng dalan anggepmu apa.

Sogol : kula dipun suwuni tulung kaliyan pawestri niki, awit piyambakipun nyuwun pangayoman saking tiyang ingkang culika ngoyak-oyak ajeng ngruda peksa.

Ungaran : Dewi Cepag kuwi putri saka Sumbingmalaya, arep dak pek bojo, calon garwaku, kowe sumingkira dak boyonge menyang Bulukapitu. Kowe ora susah malangi karepku, apa maneh duwe karep padha. Sumingkira wong desa.

Sogol : kula niki karep nulungi wong butuh pitulungan, kok sampeyan menggak karep sing becik niku pripun. Sampeyan niku mesthine saged dadi tuladha para kawula mboten njur sawiyah-wiyah tumindake.

Ungaran : kakehan crigis.

*Perang, Sogol ditrajang Ungaran Dewi Cepag mire. Sogol kawon lahjeng mlajar dipun oyak Ungaran lan wadya.*

## BABAK: VI

Papan : Playon dalan - Begawan Makukuhan pinanggih Dewi Cepag kagedhong.

*Sogol pinanggih Begawan Makukuhan jarwa trang.*

Makukuhan : ana apa kok mlayu-mlayu.

Sogol : kula asung pitulungan dhumateng Dewi Cepag ingkang dipun bujung lan badhe karuda peksa Pangeran Ungaran. Naging sisip rembag dados pasulayan lan kula kawon.

Makukuhan : kalah ? coba dak kandhani

*Begawan Makukuhan paring srana aji sekti dipun bisiki. Makukuhan mire. Ungaran papag Sogol,*

Sogol : tampanana aji pamungkas, Sindhung Riwut.

*Ungaran sak wadya kataman aji sekti kasoran kendhang.*

*Sogol katungka Dewi Cepag.*

Dewi Cepag : awit saka pitulunganmu, aku nelakake gedhening panuwun ya kakang? Kepara wiwit dina ilki aku percaya lan prasetya, jiwa lan ragaku dak pasrahake marang kakang Sogol.

Sogol : menapa boten isin kula lare dusun. Kula ajrih kaliyan Srinhil.

Dewi Cepag : aja basa ta..... aku iki Srinhil tenan.

*Rawuhipun Begawan Makukuhan lan Prabu Sata Bumiloka sak wadya*

Sogol : ngaturaken agenging panuwun bapa.

Makukuhan : iya-iya

Sata Bumiloka : bapa Begawan Makukuhan. Sinten pawongan ingkang wantun gegandhengan kaliyan putra kula nini Dewi Cepag.

Sogol : kula Sogol sinuwun.

Makukuhan : Sogol, nami samudana siswa ing padhepokan Gondosuli. Estunipun putra Adipati Andongsari saking Telomoyo kekasih Raden Sindoro.

Dewi Cepag : lho ngapusi ta..... Sogol apa.....

Punten dalem sewu rama, pawongan menika ingkang paring pitulungan kula.

Sata Bumiloka : kok sliramu gegandhengan apa wis tepung sak durunge.  
Dewi Cepag : leres rama, kepara ingkang dados gantilaning manah wiwit namur laku  
                  inggih Raden Sindoro menika.  
Sogol : Sogol !!  
Sata Bumiloka : yen pancen kaya mangkono prayoga sliramu sakeloron bakal dak  
                  dhaupake ing praja Sumbingmalaya.  
Sogol : menawi kepareng benjang kenthingga tiwi wanci pahargyan, kula  
                  badhe kairing prajurit Turonggo Seto Cepit Pagergunung.  
Sata Bumiloka :dak keparengake.  
                  Mangga bapa kembul bojana ing Sumbingmalaya.

## BABAK: VII

PAPAN : Pendapa Praja Sumbingmalaya

Ubarampe :

- dekorasi manten
- dampar manten/ kursi gajah
- kursi 4

Dhaup Temanten kalajengaken mirsani pasugatan langen beksan Turonggo Seto

-----PARIPURNA-----

## **PARAGA**

- 1. Prabu Gandhung Melathi :**
- 2. Prameswari Sekar Sari :**
- 3. Pangeran Ungaran :**
- 4. Patih Nodhas :**
- 5. Tmg. Tunggul Wulung :**
- 6. Prabu Sata Bumiloka :**
- 7. Prameswari ngrawisani :**
- 8. Dewi Cepag :**
- 9. Begawan Makukuhan :**
- 10. Patih Widigdo :**
- 11. Tmg. Rewosan :**
- 12. Sogol (Raden Sindoro) :**
- 13. Dhagelan (Kontrang) :**
- 14. Dhagelan (Kantring) :**

---

### **Tambahan menawi kepingin gabung saged katata malih**

- 15. Adpt. Andongsari :**
- 16. Prameswari Sekar Langit :**
- 17. Prajurit (jumlah bebas) :**
- 18. Wong golek kayu :**

## Kepustakaan

1. Capra, Fritjof, "Menyatu dengan Semesta", Fajar Pustaka Baru, Yogyakarta, Nopember 1999.
2. Basuki, S.Sn., *Indonesian Kris (an introduction)*, ISI Press, April 2013
3. Anoegrajekti, Novi dkk, *Estetika (Sastra, Seni dan Budaya)* UNJ Press, Jakarta, 2008.
4. Kaplan, David, *Teori Budaya*, Pustaka Pelajar,2000.
5. Kartika, Darsono Sony, *Kreasi Artistik*, LPKBN Citra Sains, Karanganyar, 2016
6. - , *Manusia dan gunung Merapi*, Persepsi dan Kepercayaannya, juli,1989
7. Sumardjo, Jakob, *Filsafat Seni*, ITB, Bandung, 2000
8. Satoto, Budiono Heru, *Simbolisme Jawa*,Ombak, Yogyakarta,2008
9. Suharji, *Sosiologi Seni (buku ajar)*, ISI Press, Surakarta, 2017
10. Santosa, Imam Budi, *Kitab Nasihat Hidup Orang Jawa*, Dipta, Jogjakarta, 2013
11. Masturoh, Titin, *Sastra Karawitan (buku ajar)*, ISI, Surakarta, 2017

